# DÓRETIWShILIK MEKTEPLERIN XALÍQARALÍQ AKKREDITACIYADAN ÓTKERIWDIŃ ÁHMIYETI

**Z.M.Kazimbetova –** *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ЗНАЧЕНИЕ МЕЖДУНАРОДНОЙ АККРЕДИТАЦИИ ДЛЯ ТВОРЧЕСКИХ ШКОЛ

**З.М.Казимбетова** – *доктор философии филологических наук, докторант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE IMPORTANCE OF INTERNATIONAL ACCREDITATION FOR CREATIVE SCHOOLS

**Z.M.Kazimbetova** – *doctor of Philosophy in Philological Sciences, doctoral student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** Cognia, “AdvancED” va Measured Progress” tashkilotlar, akkreditatsiya, sertifikatlash, K-12, professional rivojlanish, Christian Schools (LCS), LCS modeli.

**Rezyume.** Maqolada Cognia, Inc. xalqaro tashkilotining tashkil etilishi, uning asosiy faoliyat yo'nalishlari va ta'lim muassasalari tomonidan akkreditatsiyadan o'tish tartibi haqida ma'lumot berilgan. Tashkilot faoliyatining ilmiy tahlili va ushbu mavzu bo‘yicha olib borilgan tadqiqotlar natijalari o‘tkazildi. Ijodiy maktablardan misollar yordamida Cognia akkreditatsiyasi jarayoni tushuntirildi.

**Ключевые слова:** Cognia, организации “AdvancED” и Measured Progress”, аккредитация, сертификация, K-12, профессиональное развитие, Christian Schools (LCS), LCS модель.

**Резюме.** В статье предоставлена информация о создании международной организации Cognia, Inc., включая ет основные направления работы и порядок прохождения аккредитации образовательными учреждениями. Проведен научный анализ деятельности организации и результатов исследований, посвященных данной теме. На примере творческих школ разъяснен процесс аккредитации Cognia.

**Key words:** Cognia, AdvanceD and Measured Progress, accreditation, certification, K-12, professional development, Christian Schools (LCS), LCS model.

**Summary.** In this article, the organization provides information about the creation of the international company Cognia, Inc., this article covers the main areas of work and the accreditation process for educational institutions. A scientific analysis of the organization's activities and the results of research on this topic is provided. Cognia's accreditation process is explained by using examples from creative schools.

**Kirisiw.** Cognia – bul bilimlendiriw tarawında jumıs alıp baratuǵın iri shólkemlerdiń biri bolıp, mektepler hám oqıw orınların akkreditaciyadan ótkeriw, bahalaw hám úzliksiz rawajlandırıw menen shuǵıllanadı. Cognia bilimlendiriw nátiyjeliligin asırıw baǵdarında óz strategiyası hám planına iye, hámiyshe óz bilimin bólisiwge tayar, álbette, óz usınıs hám talapların izbe-izlikte tolıq ámelge asıradı. Oqıwshı hám oqıtıwshını durıs baha beriwge, pikirlewge baǵdarlaydı, bulardıń barlıǵınıń nátiyjesinde bilim beriw hám bilim alıw sapasına sezilerli dárejede tásir kórsetedi. Bul shólkemniń payda bolıwı uzaq tariyxqa iye bolıp, tiykarınan 1895-jıldan berli jumıs islep kiyatırǵan “AdvancED” hám Measured Progress” shólkemleriniń birlesiwi tiykarında 2019-jılı Mark A.Elgart tárepinen Cognia shólkemi dúzilgen [1:1-3]. Házirgi waqıtta bul shólkemge 40 mıńnan artıq oqıw orınları aǵza bolǵan hám 100 den artıq mámleket penen birge óz jumısın jolǵa qoyǵan. Shama menen 17 million oqıwshını qamtıp alǵan.

Cognianıń tiykarǵı baǵdarları hám xızmetleri tómendegilerden ibarat:

✓ **Akkreditaciyalaw hám sertifikatlastırıw**: Cognia oqıw orınların sertifikatlastırıw hám akkreditaciyadan ótkeriw xızmetin usınadı;

✓ **Bahalaw hám test**: oqıwshınıń nátiyjelerin bahalaw ushın inter-baslanǵısh hám juwmaqlawshı testler menen jumıs alıp baradı;

✓ **Professional rawajlanıw:** bul oqıtıwshılar ushın xızmet etip, óziniń Cognia Learning Community dep atalǵan onlayn platforması bar bolıp, onda oqıtıwshılar hám mektepti basqarıw administraciyası úzliksiz qánigeligin arttırıw imkaniyatına iye;

✓ **Imkaniyattı asırıw hám mektepti jetilistiriw:** olar mektepler menen bilimlendiriw sistemasın úzliksiz jetisilistirip barıw jobaların islep shıǵadı hám járdem beredi;

✓ **Akkreditaciya procesi:** akkreditaciya, ádette, mekteptiń ózin bahalawı (self-assessment) hám sırtqı ekspertler bahalawshıları tárepinen tekseriliwi (on-site review) basqıshların óz ishine aladı. Akkreditaciya múddetleri ádette yarım jıldan baslap birneshe jılǵa shekem dawam etedi;

✓ **Jańa tarawlar hám keńeyiw**: Cognia 2024-jılı CenterPoint Education Solutions kompaniyasın satıp alǵan, bul arqalı bahalaw (assesment) imkaniyatların keńeytken – yaǵnıy sabaqlıqlarǵa say bahalaw, diagnostika testleri hám basqa túrdegi bahalardı usına aladı. Bul shólkem K-12 (baslawıshtan – mektep juwmaǵına shekem) boyınsha bahalaw imkaniyatların beredi;

✓ **Tarmaqlı birge islesiw**: Cognia muǵallimler hám basshılar ushın onlayn ortalıq jaratqan – bul jerde olar tájiriybe almasadı, mashqalalardı kórip shıǵa aladı hám jańa kónlikpelerge iye boladı. Bul baǵdarda muǵallimler bir-biriniń sabaqların dodalay aladı yaki basshılar muǵallimlerdiń sabaqlarına baha bere aladı. Sonday-aq, muǵallimler bul platformada óz ústinde islep, qánigeligin de arttıra aladı.

**Ádebiyatlar talqısı hám metodologiyası.**

Xalıqaralıq kólemde Cognia akkreditaciyası hám onıń nátiyjeli jumıs alıp barıwı haqqında birneshe izertlewler alıp barılǵan.

Cognia akkreditaciyası haqqında muǵallim hám basshılardıń pikirleri úyrenilgen. Izertlewde Cognia akkreditaciyasınan ótken mámleketlerdegi oqıw orınlarındaǵı muǵallim hám basshılar qatnasqan. Bunda akkreditaciyanıń mektepti rawajlandırıwdaǵı áhmiyeti úyrenilip, K-12 oqıwshıları, pán koordinatorları hám direktorlarınıń pikirlew dárejesi talqılanǵan. Izertlewde

mektep direktorları akkreditaciyaǵa eń unamlı baha bergen aǵzalar boldı. Muǵallimlerdiń de yarımınan kóbi akkreditaciyaǵa unamlı baha bergen bolsa, ayırım oqıtıwshılar talap penen engizilgen tártip hám qaǵıydalar birdeylikti qáliplestirip, oqıwshılardıń dóretiwshiligin hám avtonomiyasın sheklep qoyıwı múmkinligin aytıp ótken [2:1-14].

**Table 2.** Educators' Perceptions Pertaining to Accreditation.

| Items | Strongly disagree | Disagre | Agree | Strongly agree | Mean (SD) |
|---|---|---|---|---|---|
| Management of school facilities<br>Accreditation procedures ensure school facilities and infrastructure are in good conditions. | 0 (0.0%) | 0 (0.0%) | 366 (86.5%) | 57 (13.5%) | 3.13 |
| Accreditation procedures impact positively on the management of communication channels amongst faculty. | 99 (23.4%) | 240 (56.7%) | 53 (12.5%) | 31 (7.3%) | 2.04 (0.81) |
| Accreditation procedures ensure that the provision of safety is adequate at school. | 0 (0.0%) | 7 (1.7%) | 275 (65.0%) | 141 (33.3%) | 3.32 (0.50) |
| Accreditation procedures support an adequate learning technologies infrastructure at school. | 0 (0.0%) | 0 (0.0%) | 273 (64.5%) | 150 (35.5%) | 3.35 (0.48) |
| Accreditation procedures support an adequate resource allocation at school. | 0 (0.0%) | 0 (0.0%) | 291 (68.8%) | 132 (31.2%) | 3.31 (0.46) |
| Accreditation procedures support better management operations at school. | 13 (3.1%) | 220 (52.0%) | 171 (40.4%) | 19 (4.5%) | 2.46 (0.63) |
| Accreditation procedures support better learning environment for students. | 0 (0.0%) | 113 (26.7%) | 271 (64.1%) | 9 (9.2%) | 2.83 (0.57) |
| Accreditation procedures support better working environment for faculty and staff. | 72 (17.0%) | 225 (53.2%) | 107 (25.3%) | 19 (4.5%) | 2.17 (0.76) |

Cognia shólkeminiń akkreditaciya jumısları boyınsha ilimiy dissertaciyalar da jazılıp, olarda akkreditaciyanıń mekteptegi bilim beriw sapasın kóteriwdegi rolin kvantitativ metodlar járdeminde úyrenilgen hám Cognia Continious improvement (úzliksiz jetilisip barıw) modelin fokus qıladı. Jumısta Burroughs League of Christian Schools (LCS) sheńberindegi akkreditaciya procesiniń mekteplerge tásirin úyrengen. Izertlewdiń maqseti – akkreditaciya procesi (LCS modeli) arqalı mekteplerde basqarıwshılıq qábiletin (leadership capasity) jetilistiriw hám bilimlendiriw ortalıǵına oqıtıw sheberliginiń jańa formasın (instructional capasity) alıp kiriwdiń mektep nátiyjeliligine tásirin úyreniw edi. Burroughs kvantitativ usıl arqalı K-12 mekteplerindegi boslıqlardı usı baǵdardaǵı 25 mektep direktorlarınan sorawnama ótkeriw arqalı anıqlaǵan. Izertlew juwmaǵı boyınsha mekteplerdegi basshılardıń akkreditaciyaǵa kózqarası júdá joqarı bolıp, olardıń anıqlawınsha, akkreditaciyanıń mekteplerindegi nátiyjelilikke tásiri d = 2.38 effektlilikke iye bolǵan. Bul kútilgennen góre joqarı nátiyje edi. Bul sorawnamalarda qatnasqan oqıtıwshılardıń 80% i nátiyjeliliktiń asqanlıǵın dálillegen. Ilimpaz akkreditaciyanı mekteptiń ósiw kórsetkishin jańa basqıshqa alıp shıqqan dinamikalıq process sıpatında bahalaǵan. Basshılar akkreditaciyadan keyin basqarıwshılıq sheberliginiń ortasha 4.22 % ke artqanlıǵın dálillegen [3:4-18].

L.Davis tárepinen alıp barılǵan izertlewde Cognia akkreditaciyası arqalı mektepte nátiyjelilik hám teńlik, kóp tilli oqıwshılarǵa iye mekteplerdegi sapalı bilim beriw máseleleri kórip shıǵılǵan [4:3-9].

Pedagogika doktorı Mark A.Elgart tárepinen nátiyjelilikke erisiwdiń birneshe jıllıq planı islep shıǵılǵan bolıp, házirgi waqıtta dúnyanıń kóplegen mámleketlerindegi oqıw orınları usı joybar boyınsha jumıs islep, akkreditaciyadan ótpekte [5:4].




Keyingi jıllardaǵı izertlewlerde Cognia akkreditaciyası hám mámleket qadaǵalaw sistemasınıń qalayınsha birin-biri tolıqtırıwı hám bilimlendiriw sapasın jaqsılawda qanday rol oynawı kórip shıǵılǵan [6].

**Nátiyjeler hám dodalaw.** Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi quramındaǵı Qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemeleri agentligi hám Cognia, Inc. Xalıqaralıq shólkemi ortasında birge islesiw shártnaması imzalandı. Bul kelisim tiykarında mámleketimizdegi dóretiwshilik mektepleri birinshilerden bolıp Cognia shólkeminiń akkreditaciyasınan ótkeriliwi belgilep alındı. Bul arqalı usı mekteplerdi xalıqaralıq standartlarǵa say jańa basqıshqa alıp shıǵıw maqset etip qoyılǵan.

Bul shólkem aǵzaları xalıqaralıq akkreditaciyadan ótkerilmesten burın, usı talaplarǵa say basqarıw, xalıqaralıq bahalaw standartları hám bilimlendiriwdegi jetekshi orındaǵı tájiriybeli oqıtıw usılları menen tanıstırıladı hám mektepler birneshe jıllar dawamında basqıshpa-basqısh usı sistemaǵa túsiriledi. Birneshe jıllıq baqlawlardan soń, mekteplerdi akkreditaciyadan ótkeredi hám ótkenligi

haqqında sertifikatlar beredi. Bul arqalı Ózbekstandaǵı dóretiwshilik mektepleri xalıqaralıq normalarǵa say K-12 qatarındaǵı mektepler sanına kiredi.

Cognia óz jumısın nelerden baslaydı?

Birinshi gezekte óz platformasına mektep administraciyası hám oqıtıwshıların aǵza etedi. Platformadan paydalanıwda inglis tilin biliw dárejesiniń joqarı bolıwı jumıstıń ónimli alıp barılıwına járdem beredi. Bul platformada oqıtıwshılar inglis tilinde bir-biriniń sabaqların analiz isley aladı, úyreniwler alıp bara aladı, sorawnama ótkeriwi de múmkin, sonday-aq, tiyisli tártipte qánigeligin de arttırıp barıwı múmkin. Bul, birinshiden, jumısta tártiplilikti, izbe-izlikti jolǵa qoyadı, házirgi texnologiya rawajlanǵan jámiyette qaǵazbazlıqtıń aldın aladı, sonday-aq, kásiplesine baha beriwde anıqlıq, ádalatlılıqtı qáliplestiredi, óz ara tájiriybe almasıwdı payda etedi.

Birneshe seminarlar tiykarında Cognia akkreditaciyası nelerge itibar qaratatuǵınlıǵı boyınsha teoriyalıq hám ámeliy sabaqlar alıp barıldı. Buniń nátiyjesinde dáslepki Cognia akkreditaciyası ushın materiallar toplaw jumısları túsindirildi.

Cognia akkreditaciyasında 31 standart tiykarında mektep hákimshiligi hám oqıtıwshılarına baha beriledi. Bul standartlar ishinde basshınıń muǵallim hám oqıwshıǵa mádeniyatlı qatnas jasawınan (Tálim mádeniyatı) baslap, olardıń bir-birin qollap-quwatlawı, hújjetti sawatlılıq penen islew, oqıwshınıń nátiyjesi ushın birge islesiw, kommunikaciyanı durıs jolǵa qoyıw hám t.b. máselelerge arnalǵan tártip hám qaǵıydalar úyretiledi.

Bir ǵana oqıwshılardıń bahalanıw tártibin úyreniw arqalı olardıń bilim dárejesiniń ósiwine erisiwge boladı. Dáslep oqıwshılardan jıl basında pánler boyınsha diagnostikalıq testler alınıp, olardıń dáslepki bilim kórsetkishleri anıqlanadı. Sherek dawamında alınǵan nátiyjeni kóteriw boyınsha jumıslar rejesi islep shıǵıladı. Tiykarǵı juwmaq shıǵarıw sherek juwmaǵı menen belgilenedi. Sherek juwmaǵı boyınsha oqıwshılardıń ulıwma kórsetkishi diagramma, keste kórinisinde procentlerde kórsetilip, statistikalıq maǵlıwmatlar toplanadı.







Procentlik kórsetkishler maǵlıwmat formasında tekstke túsiriledi. Bul maǵlıwmatlar tiykarında klaslardaǵı hárbir oqıwshınıń úlgeriw dárejesi anıqlanıp, boslıǵı bar oqıwshılar menen islesiw kestesi dúziledi.

| Q/s | Klası | Bos ózlestiriwshi oqıwshı (F.A.Á) | Páni | Ózlestiriwi qıyın bolǵan hám bos ózlestirilgen temalar | Pán oqıtıwshısı (F.A.Á) | Orınlaw múddeti |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 8-A klass | Usakova Guljamila | Qaraqalpaq tili | Mashqalalı máseleler menen islesiw. Tolıqlawıshtıń dúzilisi. Anıqlawıshtıń dúzilisi. Logikalıq pát. Omonimiyalıq qubılıslar. Qospa feyiller. Tolıqlawıshtıń dúzilisi. Milliy mádeniyat haqqında pikirlesiwler. Ráwishtiń jasalıwı. Tekst ústinde jumıs. Jol bolsın. | Z.Kazimbetova | 13, 25-yanvar |

Maǵlıwmatlar tiykarında tek tomen ózlestiriwshi oqıwshılar emes, joqarı ózlestirgen oqıwshılar da anıqlanıp, olar menen óz aldına islesiw is jobası dúzilip, keste tiykarında sabaqlar qoyıladı. Keyingi sherekte oqıwshılardıń bilimleriniń baha kórsetkishleriniń tek ósiwi talap etiledi.

**Juwmaq.** Dálillewlerge súyensek, xalıqaralıq Cognia shólkeminiń jumısı oqıwshılar menen tıǵız baylanıstı qáliplestiredi. Ol tek ǵana oqıwshılardıń bilim kórsetkishiniń ósiwin tekserip qoymastan, jámiyetlik turmıstaǵı belsendiligi, ózgeler menen qarım-qatnası, muǵallim, oqıwshı, basshı ortasındaǵı salamat qarım-qatnas hám básekini qáliplestirip baradı. Bul shólkem bilimlendiriw sapasın kóteriw ushın jumıs islep qoymastan, jas áwladqa basqa millettiń úrp-ádet, dástúrlerin húrmet etiw mádeniyatın da sińdirip baradı.

**Ádebiyatlar**

1. https://www.cognia.org/ctl-stories/history/page/2/
2. Tarek Shal, Norma Ghamrawi and Najah A.R. Ghamrawi. Does accreditation lead to school improvement? Perception of educators in K-12 settings. // July-September, 2024. Journal Sage.
3. Michael A. Burroughs. Accreditation as a framework for school improvement: a quantitavite study. Southeastern University June, 2023.
4. Davis L. School effectiveness, equity, and multilingual learners. Examining the status of multilingual learner education through school accreditation. https://www.sciencedirect.com/science/article/pii/S2215039024000547
5. Mark A. Elgart. The role of accountability systems and regional accreditation in improving K–12 education. 2023, Cognia.
6. Demystifying Accreditation and Accountability. February 15, 2024. https://www.edweek.org/sponsor/cognia/demystifying-accreditation-and-accountability